

V SE SENBÒL VWA



Byenvini nan VOICES

Voices sè you nouvo pwojè entèdisiplinè egzibisyon atizay ak you kanpay ki chita sou istwa fanm Nwa yo nan V-Day nan lide pou inifye vizyon ki genyen pou mete fen nan vyolans sou fanm: fanm cisgenre, fanm transgenre, ak moun ki "non-binaire" sinon "queer" ki nan kontinan Afriken ak dyaspora Afriken an. Objektif nou se pou nou itilize atizay pou entegre ak enspire kreyasyon-solidarite nan imajinasyon kolektif nou.

NOU SE POWEZI NOU T AP TANN NAN

PA GEN OKENN MOUVMAN K AP REYISI SI PA GEN
SOLIDARITE YOUN AK LOT

DEKLARASYON

DIREKTÈ KREYATIF ATISTIK LA

**MWEN VLE KONNEN KIJAN POU MWEN RIVE JWENN
AK RAKONTE**

**SÈ MWEN ANPIL ISTWA KI SOTI NAN MWEN MENM.
ISTWA KI BON NAN BOUCH
ISTWA KI LONJE LANMEN**

**SAN BEZWEN REKONET FWONTYÈ AK NASYONALITE.
ISTWA KI SE PYE, PITIT FI**

NOU YO K AP DANSE NAN LAKOU PASE NOU.

— AJA MONET —

Chak grenn nan nou tounen youn powèm, kote kouplè yo ap debòde san kanpe. Pandan setan, twòp nan nou rete nan silans nou, san parèt. Nou ale, nou gade, nou pèdi, you pran nanm nou. Chak jou nou rejwenn tèt nou le nou disparè youn lòt. Divès fraz ak son enprime nan souf nou. Nou se powèm nou tap tann nan.

Pandan nou tout ap fè jefò pou fè ekilib ant doule a ak gerizon ki nan epòk sa k ap chanje a, nou bezwen mo ki file de bò tankou manchèt koulin, metafo ki dous kou siwo. Nou bezwen imaj ki pran vi nan vizyon nou. Mwen te wè kèk mwayen deja : kòlè nou ki boule youn flann dife, gwòt koze nou reyalize ak talan nou. Lavi nou pi epotan pase chanto soufrans nou oswa grate kwout maleng ki fe sikatris sou nou yo. Nou se priyè plezi nou, remèd kò nou, se rese ki ka geri doule nou eritye depi lontan an. Kisa ansyen pratik nou yo ap soufle nan zorèy nou ? Ki alimante ak youn ekout aktif, kiyès nou ye: nou jwen lanmou oswa n ap viv ? Nou bezwen kouraj pou nou di laverite.

Se ak kè kontan ak anpil eksitasyon mwen ap pataje youn nouvo pwojè atistik ak youn kanpay mwen ap kreye pou V-Day, youn mouvman militans mondyal ki gen pou objektif mete bout nan vyolans kap fèt kont tout fanm (fanm "cisgenre", fanm "transgenre"), sa yo ki gen idantite ki toutou ap modifike yo, moun ki "non-binaire" osinon "queer" , tout tifi ki sou planèt la. Nan listwa, V-Day soti nan youn kanpay, kote kèk volontè ak etidyan oganize divès espektak byefezans chak ane ak youn priyè teyat "de V" (avan sa Eve Ensler) ki rele "monologue du vagin" pou yo ka sipòte kèk gwoup nan kominote yo ki ap lite kont vyolans. Chak ane, V-Day grandi e kontinye sipòte plizyè milye sivivan, lidè kominote, atis, ak oganizatè toutpatou nan mond lan nan lide pou mete bout nan vyolans sou fanm, ak tifi sou planèt la. V-Day se youn egzantp vivan sou koman Atizay gen pouwva e ou ka itilize li pou oganize youn edikasyon transfomatris ak jistis sosyal.

Pandan pèfomans "monologue du vagin" yo te fèt ak divès kominote, pou kominote yo nan mond lan, li lè li tan pou nou tout atizay ak nouvo istwa antre nan kè mouvman nou yo kont vyolans, povrete, rasis, ak sosyete patriyikal. Se ak anpil lakontanman n ap anonse kè V-Day ap retire kò li ofisyèlman nan "monologue du vagin" yo ki te konsidere tankou zouti prensipal mouvman nou an pou nou kreye youn zouti tout nèf ki rele VOICES, youn nouvo pwojè kote mwen se direktè kreyatif atistik li ki ap prezante ak fanm nwa yo e pou fanm nwa yo sou kontinan Afriken an ak nan dyaspora Afriken an. "Monologue du vagin" yo ap kontinye egziste kòm youn pyès teyat ki deyò V-Day pou plizyè milyon fanm nan mond lan.

Nan mitan dezòd ki nan lari yo ak boulvèsman nan mond lan, nou dwe raple tèt nou pou se moun sakre ki prezan nan tout bagay. Toutotan nou pa byen reflechi, toutotan pou nou jwenn sipò nan fè jefò pou gerizon nou, n ap kontinye viv nan laperèz, ensekiritè, ak twomatiz. Se chak jou, medyasosyal yo ap pase lonbraj nou nan rizib, se tout tan yo fann dwèt nan je nou, epi fè reklam sou konpòtman destruktif nou yo. Nouvo atizay sa a ak kanpay sa trase youn lòt wout, li envite nou pou regarde tèt nou, reimajine tèt nou nan relasyon youn ak lòt. Pou oganize youn pou devlope rapò ki tè pi lwen sa nou devlope devan ekran nou yo.

Se nan tan sa menm atis yo dwe travay. Pa gen tan pou dekourajman, pa gen plas pou rechinya, pa dwe gen silans, pa gen plas pou laperèz. Nou pale, nou ekri, nou kreye. Se konsa sivilizasyon yo rive geri. -Toni Morrison

Li epòtan pou se mwa mete aksan sou Fanm nwa yo nan kè Voices men se pa paske pou se nwa oswa fanm. Sa nou reprezante nan feminite gen Menm pwa nan solidarite nou yo. Nou paka nwe ni inyore oswa egzajere nan idantite nou kòm Fanm nwa. Pa gen mouvman ki ap reyisi siviv san solidarite. Lè nou ka sipòte youn lòt nan lit nou yo ak nan kè kontan nou, nan fristrasyon nou ak kontradiksyon nou yo, nou fè plis plas nan mond lan pou jistis transfomatris, pou jwenn chemen pi rapid pase lapenn nou. Nou refize kontinye ap andose mal nou te kon ap sibi yo .

Atizay pa sèlman ekspresyon reyaktif osinon prezans entansyonèl. Se sa nou ye. Nou pa kreye paske nou gen repons yo. Nou kreye paske kesyon yo ap danse nan tèt nou. Atizay pou pèp la ak pèp la e ki soti nan pèp la epòtan e nesèl. Atizay se fason nou fè ide yo. Se fason nou geri. Atizay ki siyifikatif la itilize pou ogmante konsyans nou. Ki sa ki ka pi gran pase konsyans fanm ki ini ansanm atravè mond lan? Fè tande sa ki pa tande ak fè sa ki envizib vin vizib. Bon jan atizay montre nou kouman pou nou tande. Se li nou dekouvri sa ki pou nou ak objektif nou. Youn kote posibilite san limit.

NOU TA RENMEM TANDEW
**RELE POU KA VOYE
DOKIMAN BANNOU.**

WAP VOYEL JODIA NAN
VISFORVOICES.COM

DENVE DAT POU
VOYEL SE
14 FEVRIYE
2021

VOICES!

**VOICES PRAL YON KADO NOU OFRI TÈT NOU NAN PI WO NIVO.
YON APELASYON RITYÈL
POU NOU TANDE TÈT NOU NAN TANDE YOUNN AK LÒT**

Pandan V-Day ap kontinye ap reyalize nan mond lan pou kaba vyolans sou fanm, ak tifi sou planèt la, nou deplase fòkis nou soti nan vajen nou pou konsantrè vizyon nou nan vwa nou an. Pandan nou ap viv ak remen, nou dwe kontinye gade tèt nou epi egzamine konviksyon nou sou sèks ak ras ak klas sosyal. Nou plis pase kò nou memm si nou ka evoke nan yo. Nou vle kreye divès valè nou k memorize. Nou vle montre kouman nou ka fè solidarite. Nou vle tout moun ki reklame ke you remen nou pou you tande, kolabore, reimajine ak kreye ak nou. Gen plizyè fason pou nou pataje vwa nou. Enpe nan nou chante, kèk lòt danse, kèk nan nou fè tablo. Tande avek anpil atansyon se youn fason nou ka pale tou.

Nan mitan tout sa ki pase nan kominote nou yo pou epwouve yo, mwen wè youn avni kote fanm toutpatou soti t a la jwen lanmou ak pran swen san patipri. Mwen wè youn kilti ki transfòme ak rekonesans pou travay, entelijans, ak lespri fanm Nwa. Jodia a ankò, mwen wè fanm nwa ki charye istwa devan paj rèv nou yo, nan klinik ak chanm lopital yo, nan makè ak makèt yo, nan chanm yo e menm nan apèl Zoom yo. Toutpatou nan mond lan mwen twemwen kote fanm Nwa abitye bat dlo pou fè bè, fè mirak ke moun paka konprann, Pandan yo ap kenbe fòs ak gras yo tou. Nou Kreye. Nou ap avanse ak fòs konviksyon nan travay nou. Nou enpoze youn lidèchep nan vi nou, e nou egzije prév lanmou. Nou posede vinnèrabilite nou ak manifeste vizyon ki pi entim nou yo. Nou se plis pase imajinasyon sipèfisyèl monyalyal yo, blan, ki patiriyak yo. Nou se filozof powetik mond invizib sa. Nou se langaj diferans la ak majik la.

Sa fè lontan kòlè nou tounen zam kont nou, fanm Nwa yo pa fasil, pou nou pa di janmènwonn posibilite ak espas pou you montre jan you konplèks, dinamik, ak jan you gen kouraj pou travay. Nou toujou nan youn eta endijasyon ak kòlè. Toutpatou nan mond lan gen nan nou k ap goumen pou lavi pandan you kontinye ap defann moun yo remen you. Nou ap lite pou nou pwoteje planèt la ak pou pwoteje kò nou. Nou ap pran brimad menm you kontinye ap kreye. Nou se wotè pèsounaj nan teyat trajedi nou. Men, sa k ap pase nan "vie contemplative" nou, osinon vi espiritiyèl nou? Ki sa nou di sou sa? Kiyès nou ye nan dimansyon rèv nou ak etonanman nou? Ki sa kote lespri nou ale vagabonde? Ak Kisa nou ap reflechi lè n ap lave vesò epi ap gade dlo vesèl la, le nou ap tòde rad, le nan rense bokit? Nou ap toujou bezwen atizay ki reflekte lespri revolusyonèl fanm Nwa yo, vwayaj nou yo, travay nou yo, lwazi nou yo, ak envansyon nou yo. Libète nou.

Sa se youn opòtinite pou tout fanm kèlkeswa oryantasyon yo, nasyonalite, ak idantite yo pou reyini ansanm pou ankèra, sipòte, ak transfòme kondisyon ki fè yo rete nan silans ak disparèt tèt yo. Sa se evolusyon youn travay ki fèt ak kè. Nou bezwen nouvo vokabilè ak ekspresyon tout nèf ki soti andnan nou nan zantray nou. Nou ini epi rete konekte parapo ak diferans nou yo. Nou selebre posibilite ki rive kreye nan koalizyon kreyatif pou youn. Nou konsakre nou ak oganize youn nan youn projè feminis radikal.

Pati ki ap pi kritik nan projè atizay Voices sa ap soumisyon yo. Nou ap kreye pyès sa ak powèm epi zèv atistik fanm Nwa kreye, nan repons a kèk solistasyon. Fòs la pral chita nan vi vinnèrabilite ak entègrite zèv atistik ki pataje yo. Nou ap mande fanm Nwa toutpatou nan mond lan pou you soumèt powèm, monolog, istwa, ak atizay vizyèl (art visuel) ki adrese youn seri nan eksperyans nou yo. Dènye dat pou soumèt zèv atistik yo ap 31 desanm 2020.

Koulye a plis ke jamè, nou bezwen zèv atistik ki kolektif, fonksyonèl e ki angaje. Voices pral youn pldwaye pou politik ak otonomi atistik pou ni pwosis li pwojè a. Si ou remen fanm nwa, kreye plis espas pou li ka kreye. Si li gen youn istwa li kenbe ki ka rann lespri li lib, ede pou li kenbe li. Se pou tout fanm nwa ekri, (oswa pale), san fot gramatikak ak lòt fòm ki mete mizo nan sa yo ap di. Si gen youn fanm nou konnen ki gen youn istwa ki pasyonan men ki pa li ak ekri, ofri li ke ou ap skri li pou li. Nou bezwen volonte tout moun ak kapasite you nan jefò sa.

**SE FOU ZÈV ATISTIK SA SE YON CHEMIN NAN MITAN DOUT,
FRISTRASYON, E DEZESPWA. KE LI SE YON REKONESAN,
AK YON REVELASYON. DI MOUN OU YO SA. EDE NOU
TRANSMÈT VWA NOU POU KA MONTRE NOU CHEMIN AN.**

— AJA MONET —

MISYON

Voices se youn pwojè Atistik pou TOUT fanm ak fanm nwa: nou defini feminis ak feminite nan sans fè solidarite. Kanpay sa ki se pou travayè domestik nou yo ak enfimye nou yo, moun ki egare ak mal pou adapte nou yo, sè nou ki soud ak andikapè nou yo, matant nou yo ak grann nou yo, queerdos nou yo ak sè trans nou yo, ak sa yo ki gen otonomi seksyèl nou yo ak travayè seksyèl nou yo, shaman nou yo ak mambo nou yo, oganizatè plis ke sa ak vanyan sòlda nou yo, pou tout sè nou yo ki dèye bagawè ak pi plis ke sa. Li se pou nou.

Nou chwazi rekonèt jan binè (gason - fanm) se youn koze danjere ki ka detwi lavi pandan nou ap presize tou nou toujou ap viv nan youn mond kote opresyon sèks ak vyolans sèks toujou ap fèt. Nou angaje nou nan mete bout ak tout domaj seksyèl oswa vyolans epi pwoteje ak sipòte tout fanm.

V se pou vwa yo, chak jou se V-Day, e chak jou se youn nouvo jou pou nou travay nan mete fen ak vyolans k ap fèt sou fanm, tifi, ki sou planèt la.

NOU GEN TWA PRENSIP KI GIDE NOU.

1. Vwa: Ekperyans nou yo, istwa nou yo ak reyalite nou yo.
2. Vizyon: Imajinasyon nou yo, rèv nou yo, aspirasyon nou yo.
3. Valè: bagay ki gen valè pou nou yo, preokipasyon nou yo, ak kominote nou.

FÈ KONESANS AK EKIP LA

Aja Monet – Direktè Kreyatif Atistik
Aja Monet se youn powèt blues "surréaliste", youn rakontè istwa, ak youn oganizatè ki fèt epi grandi nan Brooklyn, NY. Li te ranpòte twa konkou Slam pwezi "Nuyorican Poet Cafe" li te pran tit sa an 2007. Aja Monet eskri tèt li nan tradisyon powèt sa yo ki patisipe ak rasanble yo nan mouvman sosyal yo. Premye rekèy powèm konplè li gen pou tit, * Manman mwen se te youn konbatan pou libète, nan "Haymarket books". Powèm li yo eksplore jan, ras, migrasyon, espiritalite ak youn pakèt lòt bagay ankò. An 2018, li te jwenn youn nominasyon pou youn prim literè nan NAACP pou pwezi epi an 2019 li te jwenn prim nan Marjory Stoneman Douglas pou pwezi travay kiltirèl li oganize nan Sid Florida. Aja Monet se youn ko-fondatris kay politik pou atis ak oganizatè ki rele, Smoke Signals Studio. Li anime "Voices: Poetry of the people," youn atelye ak kolektif nan kolaborasyon ak Communities Justice Project and Dream Defenders. Aja Monet koumye ap sèvi kòm youn nouvo Direktè kreyatif Atistik pou V-Day, youn mouvman mondyal ki ap mete fen nan vyolans kont tout fanm ak tifi yo. Li ap travay sou pwochen koleksyon powèm konplè li ki gen pou tit, Florida Water "Dlo Florid.

Hollis Heath – Pèfòmans ak Konseye Kontni
Hollis Heath se youn atis ki jwen prim nan teyat, youn oratè, youn stratèj ak youn lidè pou otonomi nan womxn youn oganizasyon ki baze nan NYC. Li se ko-fondatè Pwojè Harlem KW , youn konpayi teyat ki pwodwi teyat ki ranpòte prim Award Audelco, ak tit sa "Renaissance in the Belly of a Killer Whale (Renesans nan vant youn balèn asasen)." Hollis fè mastè li nan Teyat Edikasyonèl an 2016 e li te pase dènye 10 zan sa you nan kreye pwogram, kontni ak kourikoulòm pou pèmèt janm pozede youn kapasite pou ekspriye you epi konekte yo ak vanyan ak oganizasyon pou ogmante kapital sosyal yo. Pou Koumye li pwodwi evènman ansanm ak womxn nou ka site Coach, Verizon, Refinery 29, Benefit Cosmetic, Ameriken Express, Jet Blue, Universal Records, Salesforce, ak anpil lòt ankò. An 2015, you te envite li pou li patisipe nan kanpay Dove Real Beauty kòm anbasadè pou "estime de soi" e li kontinye fè tou pèyi a pou delivre kontni yo. Travay li kòm lidè pou otonomi te pèmèt li jwenn envitasyon pou li pale nan Mezon Blanch sou administrasyon Obama a. Koumye, li sèvi kòm Direktè Pwogram pou youn oganizasyon nasyonal ki ap travay pou sipòte fanm ki gen laj 18-25 kan pou idantifye objektif yo, pou you posede pwòp fason pou you ekspriye you epi mennen lavi you swete mennen an.

Kayla Shelton – Ilstratèj Kanpay
Kayla Shelton se youn atis pent, ilistratè ak kolajis ki base nan Sid Los Angeles.

Li te toujou kanalize li nan direksyon pou pòtrè, fòm moun ak eksplore relasyon entèpèsone nan fòm kò moun. Ekspresyon kreyatif sa pran nesans nan anvi li genyen pou fè parèt pati nan edikasyon li ki rich kiltirèlman. Pasyon sa a te grandi avèk matirite li, kote kounya li sèvi ak pòtrè pou li eksplore idantite nwa, feminite, ak solidarite fanm.

Enspirasyon li jwenn nan anviwonman li te pouse li pouswiv youn karyè nan Atizay, kote li ka kontinye rakontè istwa pèp li. Gras travay li li espere pwovoke sans diskouye ak zalantou Estereyotip ki antoure fanm nwa yo ak bote nanndan kilti yo. Pòtrè li yo ak kolaj li yo te prezante dènyejan an nan Magician, youn egzibisyon sou pòtrè nwa nan Fellows of Contemporary Art.

Nan dènye ane sa yo, Li plis konsantrè li pè fon nan espas atizay dijital ak bibliy la. Li mete vizyon li nan sèvis divès inisyativ devlopman nan Sid Los Angeles; Li travay sou divès kanpay nan lokalite li ki fèt kont "gentrification", pou sante bibliy, ak kanpay pou otonomi fanm yo. Li ap travay aktyèlman sou youn nouvo seri nan pòtrè ki santrè youn granmoun fanm ak lidè kominotè nan Leimert Park.

Helen Pena – Estratejis Dijital
Helen se youn rakontè istwa feminis Nwa ak oganizatè kiltirèl ki soti nan Miami, FL. Li itilize fotografi, oganizasyon grafik ak Magazn an li you kontinman an kèlkeswa konsekan kolonizasyon sou kò fanm Nwa yo. Travay atistik li eksplore ras, sèks, seksyalyite, espiritalite, ak memwa. Nan moman soulèvrman sosyal ak batay pou jistis, li kèk wòl atis yo se dwe chita pou kominote, rakontè istwa solidarite epi imajine youn avni ki bay lavi pi gwo plas. An 2017, Helen te ko-fonde (F)Empower, youn kolektif feminis queer ak abolisyonis atis-aktivis.

Pandan tout ane yo li ap dirije kolektif la, li te oganize ak pwodwi plizyè ekspozisyon atistik, dirije divès kanpay dijital nimerik, dirije entèvansyon atizay bibliy, fasilitè bootcamps nan edikasyon politik, atelye, ak panèl yo, li ko-fonde youn jaden kominote, youn kès pou soutyen kominotè, youn pati ak diaspora fanm nwa ki queer, ak plis ankò.

Pandan 2 zan, Helen te travay nan kominikasyon dijital pou oganizasyon jistis rasizay ak ekonomik. Defansè rèv yo. Pandan li te ap fè sa, li te itilize atizay pou ranfòse oganizasyon politik, nan sèvi ak foto, videyo ak konsepsyon grafik pou mete plis vi nan kanpay politik yo, transfòm medya sosyal yo ak prezans dijital. Koulye a, li ap pwodwi premye fim kout li, Celeste, e li se stratejis Dijital pou Voices.

PALE

**Silans se pi bon zam pou kèk moun, men se pa pou mwen.
Mwen pa p kite yo fè m fè silans.**

— oluwatoyin salau

Voices se youn pèfòmans powetik ak youn kanpay atistik. Nou bezwen ou! Pwosis pou kreye pèfòmans la ap epòtan menm jan ak pyès la limen. Sa se youn apèl an ijans pou ou soumèt powèm osinon monolog fanm nwa ekri pou fanm ak moun ki remen fanm. N ap akseptè pou pou moun soumèt atizay vizyèl (art visuel) n ap gen pou oganize pandan tout kanpay la pou pèfòmans ak "boite a outils de creation" nou an. Pati pou pèfòmans lan ap itilize pou fanm yo pale de konplikite ki genyen nan eksperyans yo ansanm ak vizyon global pou chanjman, jistis, konsyasyon ak solidarite. N ap chache ankouraje epi tabl youn espas ki la pou alimante sa yo rele verite radikal epi pale lanmou. Nou akeyi tout powèm ak monolog ki pale sou soufrans nou, espwa nou, ak bon konprann nou. Powèm k ap bay madichon powèm ki pale de lavni nou konnen ki posib la. Nou vle penti, pòtrè, kolaj, ak ilistrasyon ki montre vizyon youn pou youn mond kote yo ka tande nou. Ki egzantp solidarite nou genyen? Ki inisyatif nou ap pran? Ki jan nou ka travay ansanm ak ede youn ak lòt devlope? Pwojè sa ap chache mete kèk nan istwa yo te konstwi pou nou yo deyò pou moun tande. Kijan de bezwen nou eritye you te ancheri epi ki te difisil pou nou abandone akòz jistis transfomatris? Ki istwa nou toujou apiye sou yo jodi a ki ban nou kouraj epi ki se youn sous enspirasyon, youn oryantasyon ? Kisa ki ap nouvo istwa nou?

Nou bay plizyè ti sijè sou fòm endis pou kapab enspire ak anime pwodwi ou vle soumèt la. Tanpri pa ezite ekri tankou se repons ou ap fè a nenpòt nan mesaj sa yo:

- Pataje youn istwa kote ou te itilize vwa ak kapasite ou pou ou pale kont vyolans.
- Ki kèk mwayen ki te itilize pou fè ou te rete nan silans ou?
- Kijan de istwa ki montre egzantp solidarite ak "jistis transfòmasyonèl"?
- Ki vizyon youn mond kote fanm yo jwenn lanmou san patipri nan tout entegralite yo?

- Felisite youn oswa plizyè fanm nan kominote ou yo ki souvan pa jwenn moun tande youn opinyon reprezante yo?
- Bay egzantp kote youn monte te montre li solidè avèk w ak kijan li te montre ou sa?

- Fè deskripsyon youn istwa kote youn gason nan vi ou te ba ou sipò li deska soukyen san patipri pou moun ou ye a?
- Rakontè istwa youn sikatris ou gen sou kò ou.
- Dekri premye fwa ou te kanpe tèt pou tèt devan youn moun ki t ap abize otorite li.

- Itilize pèspèktiv ou nan bra menmaj ou pou you pataje youn istwa.
- Ki konsèy youn granmoun fanm te ba ou pandan li ou ke w te oblije itilize e kijan sa te itil ou?
- Kijan medya sosyal yo ede ou oswa anpeche ou bay opinyon w ?
- Opinyon ki moun ou remen epi ou kenbe pou ou?
- Pale nou de youn lèt ou fin ekri men ou pa janm voye li ale.
- Kouman ou ap repran kab kò ou?
- Kisa pouwva vle di pou ou?
- Ki bagay ou fè nan fè nwa?
- Ki divès fanm ki te matènize ou?
- Kijan manman w ta ka dekri ou?
- Ki sa ou ta remen klewonnen bay mond lan?
- Chante youn chante rezistans pou nou.
- Dekri ban nou youn absans oswa youn chagren ak ki jan ou te rive jere sa.
- Pale an lang.
- Kisa lòt moun pa rete sou you pandan wap pale?
- Ki jan ou fè lavi soti nan lanmò? -osinon- ki jan ou kreye lavi
- Ki jan ou fè lavi soti nan lanmò? -osinon- ki jan ou kreye lavi
- Ki dènye fwa ou te santi ou ansekirite?
- Detaye youn kominote kote ou santi ou ansekirite.
- Kijan de moun ou tap ye si lajan pat youn sousi?
- Èske ou ka dekri relasyon ki genyen ant ou menm ak sè ke ou pa te janm genyen an?

- Pataje youn moman kote youn moun ou pata jan m reimajine te 'wè w' oswa 'tande w' ? Kijan ou te santi w ?
- Ki sa ou kwè ki te rèv gran-gran grann ou pou ou?
- Pataje youn moman ou te twemwen de kouraj youn lòt fanm? Kisa ou te wè nan li? Èske ou te wè sa nan ou tou?
- Ekri youn lèt damou bay vwa w lè yo te redwi an silans oswa you pat konpwann li.
- Si wpa w te gen youn pèsonalite nan mond lan, a ki sa li te ap sanble? Kisa li tap fè?

GID:

Tout soumisyon se fanm nwa ki dwe kreye yo: fanm cisgenre, fanm transgenre, ak moun ki non-binaire sinon "queer" ki nan kontinan Afriken an ak nan dyaspora. Nou akeyi tout fim ekriti: powèm, monolog, istwa kout elatriye. Tout travay you dwe travay orijinal ki pa bibliye deja, san li pa janm pèfòme biblikmman deja. 1000 mo maksimòm. Lang yo: Anglè, Espanyòl ak Fransè. Pou atis vizyèl yo, nou akeyi tout dosye nan fòma .jpg oswa .pdf. (nou rekòmande 300 dpi oswa plis)

Pou soumèt, tanpri ale nan: <https://voices.vday.org/speak/>